# ТЕМИРШИЛИК ПЕНЕН БАЙЛАНЫСЛЫ ИСЕНИМ ҲӘМ ДӘСТҮРЛЕР

**Д.Қ.Турениязова**
*Қарақалпақ мәмлекетлик университети таяныш докторанты*

Ҳәр бир халықта жасаў шәрайты, күнделикли турмысынан келип шыққан ҳалда әсирлер даўамында дәстүр ҳәм исенимлер қәлиплесип барған.

Орта Азия халықларында өнерментшилик тараўында да исенимлер, дәстүрлер болғанлығын бир қатар алымлар Е.М.Пещерова, Х.Есбергенов, А.Өтемисов, Н.Тлеубергенова, А.Очилов, А.Аширов С.Давлатова, Долговлар өз илимий мийнетлеринде жазып өтеди.

Өнерментшиликтиң әййемги тараўларының бири темиршилик есапланып, бул кәсип халық арасында “кәраматлы кәсип” сыпатында қәдирленген. Темиршилер пири Даўыт ата темиршилик пенен биринши шуғылланған. Сол себепли оны темиршилердиң пири деп атайды. Рәўиятлардың биринде ол қызған темирди қолы менен услай алған. Бир күнлери устаханаға кимниңдур нәзери түскенин байқайды. Сол күннен баслап қызған темир қолын күйдиреди. Не қыларын билмеген Даўыт ата далаға шығып, жан жағына қарап турса, ийтке көзи түседи. Ийт еки алдынғы аяғын қаўсырып жатырғанын көреди ҳәм сол көринисте Даўыт ата темир услағыш қысқыш жасап алады[1]. Қысқыш темиршиликтиң ең тийкарғы қуралларын бирине айланады. Туркмен халқы арасында да усыған уқсас рәўиятлардың бар екенлигин А.Долговтың мийнетинен билиўимизге болады. Онда көрсетилиўинше Даўыт тарийхый шахс болып, қудиретли қудай тәрепинен ғайры тәбийий күш пенен сыйлықланған. Оның бир қолы қысқыш, екинши қолы шөккиш хызметин атқарған. Дизесинен болса төс сыпатында пайдаланған. Жумыс ислеген ўақтында оның қолындағы металлар мум сыяқлы ерип кеткен. Даўыт болса ҳеш күймеген. Даўыт өзин жоқары тутып, өзин төмендегише мақтай баслайды: “Меннен басқа ким, усталардың данасы”, “дүньяда металды бундай шеберлик пенен қайта ислеў бойынша мениң қәбийлетимнен үстин болатуғын басқа уста жоқ” деп мақтанады. Бул қудиретли қудайға жетип барады ҳәм ол Даўытты ғайры тәбийий күштен айырады. Солай етип Даўыт өзиниң алдыңғы қәбийлетин жоғалтады, ал метал ол ушын тас сыяқлы қатты затқа айланады[2]. Бундай рәўиятлар Орта Азия халықларында бугинги күнге шекем ушырасады. Ҳәзирги

дәўирде халық арасында автомобиль айдаўшы шофёрлар да Ҳәзирети Даўытты ҳүрмет етип, оның Қоңырат районында жайласқан қәбирин зыяратлап қайтады.

Бурят халқында темиршилик пенен шуғылланған адамларды ғайры тәбийий күшке ийе порхан деп исенген. Өнерментшилик сырлары темирши тәрепинен “дархан утха”(порқанлық) дәстүри сыяқлы атадан балаға, ақлығына, соның менен бирге сол урыўдағы ер адамға өткен[3].

Темиршилер өз дәўириниң оқымыслы адамы деп те есапланған. Халық темирши устаны “уллы адам” деп билген. Оның дүкәнын “Ҳәзирети Даўыттың дүкәны” деп исенген. Орта Азия аймағында жасаўшы басқа халықлар сыяқлы қарақалпақларда өнерментлердиң устаханалары “пирли, қәсийетли жер” деп есапланған. Темирши усталардың арнаўлы устаханалары болған. Олар өз алдына (ески қара үй, жер төледе) арнаўлы жайда болған[4]. Дүкәнлар көшпелиде болған.

Темирши устаның устаханасы “дүкән” деп аталған. Қазақ халқында да темиршилер устаханасы “дүкен” деп журитилген. Дүкән кийели орын есапланып, дәстүр бойынша устаханаға ҳаяллар ямаса жас балалар кириўге, ямаса оның қуралы туўралы жаман гәп айтыўға болмаған, устаханаға дәрет алмай кириўге, устаның қуралын патас жерге қойыўға, соққан затты питкермей бериўге болмайтуғын болған[5]. Қазақ халқының темирши усталарында ҳәм устаханада шаўқым етиўге болмайды, бул темиршилердиң пири Даўыттың қәҳәрин келтириў мүмкин деп исенеди. Жумыс процесси ўақтында уста ҳәм шәкирт ортасында тек инструментлер арқалы бир бирине не демекши екенлигин түсиндирген. Устаханада тек темир менен шөккиштиң даўысы шығыўы керек деп есаплаған. Ҳәзирги күнде де темирши усталар өз буйымларын таза сақлаўға әмел етеди. Дала изертлеўлеримизде Хожели районындағы информатордың берген мағлыўматына тийкарлансақ “сандал(төс) үстинде отырыўға, шөккишти қурыдан қуры урыўға, ҳаяллардың устаханаға киргизилмейтуғынлығын” атап өтеди[1]. Устаның дүкәнын “кәраматлы орын” деп билген адамлардың айтыўына қарағанда, бурынлары өзин бийтақат сезген, сондай-ақ бийперзент ҳаяллар устаның дүкәнында түнеген, кеселлигине шыпа табыў ушын қатнаған, қудайдан бала сораған[6].

Кубан халқында темирши жасларға бахыт келтириўи ямаса керисинше бахытсызлық келтириўи мүмкин деп исенген. Оларда темирди қыздырып басып алған суўын ҳәм кәраматлы билип ем ушын ишкен. Бирақ бизлерде бундай суўды ишпейди, гигиенаға туўра келмейди - деп атап өтеди Шымбайлы темирши уста. Улыўма айтқанда халық арасында темирди кәраматлы деп билген. Сонлықтанда бесикте жатқан баланың бас ушына пышақ қойған, аўырған адамлардың бас ушына

пышақ қойған, көзи қатты деп билген адамның басып кеткен изин пышақ пенен сызып шыққан[1]. Қарақалпақлар өз жанында пышақ алып жүрсе ол жин-жыпырдан сақлайды, қорғайды деп исенген.

Темиршилер өз “рисола” сына (уставына) ийе болған. Олар ҳәр айдың пийшенбесинде шәкиртлери менен жыйналып, рисола оқыған. Жыйында Ҳәзирети Даўыт, қайтыс болған усталар ҳүрметине дуўалар оқыған[6].

Солай етип өнерментлердиң кәсибине байланыслы дәстүрлери өнерментшилик тараўының раўажланыўына, өнерментлердиң бирлесиўине хызмет қылған. Бул дәстүрлер бүгинги күнде халқлар арасында ата кәсибин даўам етип киятырған усталар тәрепинен сақланып, әўладтан әўладқа өтип киятырғанлығының гуўасы болып атырмыз.

## ПАЙДАЛАНҒАН ӘДЕБИЯТЛАР

1. АДЖ(автордың дала жазыўлары). №2.2022 j.
2. Долгов. А.А. Туркменские традиционные ремесла-Москва.2022. -С.78
3. Дагданова Ж.Н Бурятское народное декоративно-прикладное искусство в XIX-начале XXI вв. Автореф. диссер. на соискание уч. ст. канд. ист. наук. Москва., 2006
4. Этнография каракалпаков. -Ташкент. Фан., 1980.С.149
5. Өтемисов А.Қарақалпақлардың өнер кәсиплери-Нөкис, 1991.-Б-15-16
6. Тлеубергенова Н. А. Некоторые сведения о писаных уставах «рисала» каракалпакских ремесленников // международная научно-практическая конференция, Минск, 25–26 красавіка 2013.
7. Турганов Б.К. Металлообрабатывающее ремесло средневекового Хорезма (по данным письменных и археологических источников) // Диалог городской и степной культур на евразийском пространстве //Материалы V Международной конференции, посвященной памяти Г.А. Федорова-Давыдова 2-6 октября 2011 года. -Казань, Астрахань. 2011. -Б. 116-119.